



Office for People With Developmental Disabilities

Deklarasyon Otorite Medicare Pati D Pou benefisyè ki ap viv nan rezidans OPWDD sètifye oswa opere

Se Developmental Disabilities State Operations Office (DDSOO) ki pou itilize fòmilè sa a oswa yon ajans ki bay sèvis rezidans ke OPWDD sètifye a benefisyè Medicareyo. Li endike otorite pou founisè a pran desizyon konsènan benefis medikamansoupreskripsyon Medicare la pou benefisyè yo ak baz otorite sa a. **Fòmilè Medicare-5 OPWDD a ta dwe itilize si gen yon bezwen pou kontakte yon Plan Medicare Pati D pou yon sèl benefisyè.**

Enstriksyon:

1. Souple ranpli fòmilè sa a e bay yon lis reprezantan yo ak benefisyè ke reprezantan yo kapab aji pou yo a. Yon direktè DDSOO pa kapab deziyen yon moun ki pap travay pou DDSOO a pou aji nan plas li, e yon direktè yon ajans ki bay sèvis rezidans OPWDD sètifye pa kapab deziyen yon moun ki pap travay pou ajans lan pou aji nan plas li.
2. Si fòmilè a se pou yon plan spesifik, mete non Plan Asirans Medikaman sou Preskripsyon an ak Nimewo ID Plan an. Se sèlman benefisyè ki enskri e ki aktif nan plan an oswa ki ap anrejistre kounye a nan plan an ki ta dwe gen non yo nan lis benefisyè yo ki ansanm ak dokiman sa a. (**Nòt:** Pa bay enfòmasyon pèsònèl ki kapab pèmèt yo idantifye yon benefisyè ki pa nan plan an oswa ki pap enskri ladan l.)
3. Tcheke kazye apwopriye yo.
4. Souple enprime non e siyen kote sa apwopriye.
5. Kenbe orijinal la.

Non DDSOO a oswa Ajans lan _____

Non Plan Asirans Medikaman sou Preskripsyon _____

Nimewo ID plan an _____

Benefisyè ki gen non yo sou lis ki ansanm ak dokiman sa a gen plis pae 18 tan e yo ap resevwa sèvis rezidans nan men ajans oswa DDSOO ki gen non l pi wo a. Pa gen okenn nan benefisyè yo ki gen yon moun ki responsab yo (yon gadyen) epi yo detèmine ke yo tout manke kapasite pou pran desizyon konsènan (tcheke tout sa ki aplikab):

- Enskripsyon nan yon plan asirans medikaman sou preskripsyon Medicare Pati D
- Aji nan pwosesis revizyon Medicare Pati D a. Sa gen ladan l ranpli doleyans, voye plent, mande ak jwenn desizyon kouvèti (Sa gen ladan l demann eksepsyon ak demann pou pwosedi akselere), ranpli e fè demanm apèl epi jere nenpòt pati nan pwosesis apèl yo.

Souple siyen pi ba a:

- Mwen se Direktè Egzekitif Ajans lan oswa Direktè DDSOO a. Konfòmeman a 14 NYCRR Soupati 635-11, mwen otorize pou m pran desizyon enskripsyon pou benefisyè yo e/oswa pou m aji nan pwosesis revizyon Medicare Pati D a si benefisyè yo manke kapasite pou fè sa. Konfòmeman a 14 NYCRR Soupati 633-11, mwen otorize anplwaye m ki gen non yo parèt nan lis ki ansanm ak dokiman sa a kòm reprezantan mwen pou pran desizyon enskripsyon e/oswa aji nan pwosesis revizyon Medicare Pati D a si benefisyè yo manke kapasite pou fè sa.

Non Direktè Egzekitif la oswa Direktè DDSOO a _____

Siyati _____

Adrès Ajans/DDSOO _____

Nimewo Telefòn Ajans/DDSOO _____ Dat _____